



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PATENARYA 10 MILYA DOLA POU POTE SANT RECHÈCH AK DEVLOPMAN PWOCHÈN JENERASYON NAN KONPLÈKS NANOTECH ALBANY NY CREATES LA

NanoTech Albany an pral loje premye ak inik Sant Litografi Iltravyolèt Ekstrèm piblik ki Wo an NA nan Amerik di Nò a – sa k ap pote avni rechèch ak fabrikasyon semi-kondiktè avanse nan Rejyon Kapital New York la

Pwojè a pral debloke avantaj ki pote transfòmasyon ki gen ladan plizyè milye nouvo travay konstriksyon dirèk, endirèk ak travay sendika ak gwo angajman pou devlopman mendèv ak dirabilite

Patenarya gen ladann investisman prive enpòtan ki soti nan IBM, Micron, Applied Materials, Tokyo Electron ak lòt lidè yo nan endistri a ki pral entegre teknoloji fabrikasyon pis dènye kri nan efò R&D pa yo

Bati sou agenda Gouvènè Hochul pou etabli yon sant mondyal pou fabrikasyon ak inovasyon semi-kondiktè nan Nò eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon patenarya 10 milya dola ak lidè nan endistri semi-kondiktè yo tankou IBM, Micron, Applied Materials, Tokyo Electron, ak lòt yo pou etabli yon sant rechèch ak devlopman semi-semikondiktè pwochèn jenerasyon nan Konplèks NanoTech Albany (Albany NanoTech Complex) NY CREATES la. Patenarya a pral finanse konstriksyon yon Sant Litografi Iltravyolèt Ekstrèm ki Wo an NA ki modèn (High NA Extreme Ultraviolet Lithography Center) – premye ak inik Sant EUV ki Wo an NA ki piblik nan Amerik di Nò a – ki pral sipòte rechèch ak devlopman semi-kondiktè– ki pi konplèks ak pi pwisan nan mond lan. Anplis investisman ki pote transfòmasyon nan Rejyon Kapital New York la, patenarya sa a pral fè Eta New York abrite enfrastrikti R&D semi-kondiktè piblik ki pi avanse nan peyi a, sipòte kwasans alontèm ekonomi teknoloji New York la, epi kreye epi kenbe plizyè milye travay konstriksyon dirèk, endirèk ak travay sendika.

"Patenarya 10 milya dola sa a pou pote rechèch sou pis ki inovan nan Rejyon Kapital la ta dwe voye yon mesaj bay tout endistri a: New York ouvè pou biznis", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan lejislasyon Green CHIPS nou an rive nan investisman istorik Micron ak kreyasyon GO-SEMI, n ap konstwi avni rechèch semi-kondiktè a isit la

menm nan New York. Endistri sa a ap kreye yon opòtinite reyèl nan eta nou an ak gwo investisman rejyonal, yon pakèt nouvo djòb, ak angajman solid pou devlopman mendèv ak dirabilite, epi administrasyon mwen an ap kontinye travay ak lidè eli ak lidè endistri yo pou fè New York yon gwo pwisans mondyal nan fabrikasyon pis."

Dapre nouvo inisyativ sa a, NY CREATES pral achte ak enstale yon zouti litografi EUV ki Wo an NA, ki fèt ak fabrike pa ASML, nan Konplèks NanoTech Albany li a, kote patnè endistri yo ki gen ladan Micron, IBM, Applied Materials, Tokyo Electron, ak lòt yo pral sèvi ak ekipman semi-kondiktè ki pi avanse ki te janm fèt. Yon fwa li konstwi, Sant EUV Ki Wo an NA New York la pral pozisyon eta a kòm yon destinasyon pou rechèch ak devlopman nan teknoloji pis inovan ki alimante prèske tout telefòn entèlijan, tablèt, laptop, ak sèvè òdinatè jodi a. Sant lan pral ankouraje patenarya entènasyonal tou kòm òganizasyon rechèch yo ki gen renome mondyal ap elaji prezans yo isit la, sa ki atire biznis atravè mond lan.

Anplis de sa, patenarya sa a pral siyifikativman amelyore pozisyon Eta New York kòm yon kandida prensipal pou garanti estati sant ankraj nan kad Sant Teknoloji Semi-kondiktè Nasyonal (National Semiconductor Technology Center) federal la, yon deziyasyon ki gen potansyèl pou debloke plis pase 11 milya dola nan finansman Lwa sou CHIPS ak Syans federal la.

Pwojè sa a pral kreye omwen 700 nouvo djòb dirèk epi kenbe plizyè milye djòb, pwofite omwen 9 milya dola nan depans ak investisman prive, epi etabli angajman enpòtan pou sipòte ak konstwi kanalizasyon devlopman talan, ki gen ladan atravè patenarya ak Univèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) Patnè yo pran angajman swa pou elaji oswa kòmanse sipò pou pwogram devlopman mendèv, ki gen ladan investisman nan SUNY, Rensselaer Polytechnic Institute, ak lòt aktivite devlopman mendèv piblik ak prive; pwogram akademik STEM K-12 yo; fòmasyon, estaj, ak aprantisaj ki baze sou eksperyans pou etidyan premye sik ak etidyan ki diplome nan enjenyeri ak domèn STEM ki gen rapò ak li, ak patenarya rechèch akademik.

NY CREATES ak patnè endistri yo te dakò tou sou yon seri angajman dirabilite pandan tout faz konstriksyon ak operasyon pwojè a ki byen aliye ak pwogram Green CHIPS New York la k ap mennen nan nasyon an, ki gen ladan itilizasyon pi bon teknoloji ki disponib pou rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè sè; priorize enèji renouvlab, ak preferans pou sous New York; ak pouswit sètifika estati Gold LEED minimòm pou nouvo bilding ki gen rapò ak pwojè a. Anplis de sa, patnè yo angaje pou entegre dirabilite kòm yon objektif prensipal nan aktivite R&D yo, ki gen ladan pwosesis fabrikasyon semi-kondiktè dirab, itilizasyon materyèl, retilizasyon ak valorizasyon dechè ak konsepsyon fabrikasyon. Atravè nouvo konsantrasyon sa a, Sant EUV ki Wo an NA pozisyon pou l vin yon lidè mondyal nan devlopman pwosesis ak teknoloji fabrikasyon semi-kondiktè dirab ak favorab sou plan klimatik.

Pou sipòte pwojè sa a, Eta New York ap investi 1 milya dola pou elaji Konplèks NanoTech Albany an avèk etablisman Sant EUV ki Wo an NA atravè acha eskanè EXE:5200 EUV ki Wo an NA ASML la, ansanm ak konstriksyon NanoFab Reflection,

yon nouvo bilding ki trè sofistike ak plis pase 50,000 pye kare espas sal blanch ki pral ankouraje kwasans patnè alavni epi sipòte nouvo inisyativ tankou Sant Teknoloji Semi-kondiktè Nasyonal la (National Semiconductor Technology Center), Pwogram Nasyonal pou Fabrikasyon Anbalaj Avanse (National Advanced Packaging Manufacturing Program), ak pwogram Microelectronics Commons Depatman Defans (Department of Defense) lan, yo te bay dènye a nan Eta New York. Pwojè a pral kreye anviwon 500 a 600 djòb konstriksyon sendika nan salè dominan yo pandan faz konstriksyon dezan an.

Pwojè a enpòtan anpil pou agrandi davantaj NY CREATE nan Konplèks NanoTech Albany an. Anplis kreye 50,000 pye kare espas sal blanch modèn nan NanoTech Albany an, yo prevwa ke investisman sa a ouvri pòt pou konstriksyon an plis espas sal blanch alavni pou pèmèt kwasans alontèm yo prevwa nan nouvo kolaborasyon ak kolaborasyon ki egziste deja k ap alimante pa Sant EUV ki Wo an NA ak inisyativ federal yo.

Lidè Majorite Sena a, Chuck Schumer, te deklare, "Sa a se yon jounen istorik pou Rejyon Kapital la. Avèk patenarya piblik-privé revolisyonè ki koute 10 milya dola sa a, ki te alimante pa Lwa sou CHIPS ak Syans mwen an, endistri a te fè li klè: Konplèks NanoTech Albany an se lakay avni R&D semi-kondiktè Etazini an. Patenarya istorik sa a pral pote machin ki modèn nan mond lan nan Nò Eta New York, sa k ap ede fè dekouvèt ke enjenyè jodi a pa menm ka konprann – sa k ap asire ke Etazini ap dirije mond lan nan inovasyon ak fabrikasyon semi-kondiktè epi mennen nou pi pre pou fè syans fiksyon vin yon realite nan pwodwi mikwo pis ki pi piti pase yon nanomèt, isit la menm nan Rejyon Kapital la. 10 milya dola sa a vle di plizyè santèn nouvo djòb teknoloji ak konstriksyon ki byen peye, ansanm ak syantis ak konpayi prensipal yo atravè mond lan k ap vini nan Rejyon Kapital la kòm plas kote yo fè rechèch pa yo. Mwen te ekri Lwa sou CHIPS & Syans lan paske mwen te konnen li t ap pote transfòmasyon pou nò Eta New York, ki te pafètman apwopriye pou ramne endistri sa a ki enpòtan anpil pou sekirite nasyonal ak avni ekonomik Etazini soti lòt bò dlo. Sou direksyon lidèchip Gouvènè Hochul, New York te non sèlman reponn ak apèl otorite federal yo te fè a, men li te ede kreye yon modèl nasyonal ak investisman san parèy nan chak kwen nan Nò Eta New York epi anons jodi a se jis dènye egzanp sou fason New York ap mennen nasyon nou an nan devlope pwochen jenerasyon teknoloji a."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Investisman sa a nan NanoTech Albany an pral ranfòse pozisyon New York kòm yon lidè mondyal nan rechèch ak devlopman semi-kondiktè. Sant rechèch ak devlopman pwochen jenerasyon sa a pral inik etablisman nan Emisfè Lwès la epi li pral atire gwo biznis atravè mond lan, devlope ekonomi teknolojik eta a, epi potansyèlman debloke plizyè milya dola nan investisman federal nan Rejyon Kapital la. Etabli nouvo sant semi-kondiktè sa a pral ranfòse sekirite nasyonal nou an tou, sa ki pèmèt Etazini devlope semi-kondiktè ki pi konplèks ak pi pwisan nan mond lan isit la menm lakay nou. Mwen fyè pou m wè patenarya sa a vivifye epi mwen pa ka tann pou m kontinye travay pou fè Rejyon Kapital la vin yon lidè mondyal nan rechèch ak fabrikasyon semi-kondiktè."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Depi lontan mwen te defann envèstisman solid nan fabrikasyon pis nou yo pou ranfòse chèn apwovizyòman nasyonal nou an, kreye travay ki byen peye, ak pi ba pri pou konsomatè Ameriken yo. Gras a efò sa a ak dispozisyon ki nan Lwa sou CHIPS ak Syans nou an, Rejyon Kapital nou an – ki se deja abrite yon rezo fabrikasyon pis solid, etablisman rechèch dènnye kri, ak enstitisyon edikasyonèl – pare pou dirije nasyon an nan sektè sa a, pou ankouraje inovasyon ak ranfòse ekonomi nou an. Patenarya sa a bati sou lespri inovasyon pyonyè rejyon nou an reprezante depi lontan. Mwen rekonesan ak tout moun ke devouman yo ap pèmèt plis devlopman ak kwasans nan endistri sa a."

Prezidan ak PDG IBM Ian, Arvind Krishna, te deklare, "Nan Konplèks NanoTech Albany Eta New York la, IBM ak patnè nou yo ap dirije mond lan nan pwogrè R&D semi-kondiktè ki fè pis yo pi piti, pi pwisan, ak pi efikas an enèji. Nouvo Sant EUV ki Wo an NA nan NanoTech Albany an pral sekirize yon filyè ki solid pou inovasyon semi-kondiktè a, kenbe Eta New York nan sant ekspètiz semi-kondiktè a, akselere kwasans endistri pis mondyal la epi ede satisfè demann fabrikasyon pou nouvo teknoloji tankou AI jeneratif. IBM fyè pou l rele Eta New York lakay nou, epi pou l sipòte envestisman enpòtan sa a nan direksyon nouvo pwogrè nan teknoloji semi-kondiktè a."

Deklarasyon Sanjay Mehrotra, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Micron lan. "Sant EUV ki Wo an NA nan Konplèks NanoTech Albany NY CREATES la se yon etap enpòtan nan avanse R&D semi-kondiktè pwochèn jenerasyon nan Etazini epi li pral mete New York devan liy inovasyon ak lidèchip teknoloji alavni an. Youn nan faktè kle ki te fè New York tounen yonabri ideyal pou megafabrikasyon nou an se istwa devlopman ak fabrikasyon semi-kondiktè eta a ak gwo opòtinite pou kolaborasyon ekosistèm R&D ke Micron ka ede ogmante ak lidèchip teknoloji memwa nou an. Ansanm ak patnè federal ak eta nou yo ak sipò finansman enpòtan nan Lwa souy CHIPS ak Syans lan, nou pa ka tann pou nou konstwi ak fòmè yon filyè talan ki gen anpil kompetans atravè premye ak inik Sant EUV ki Wo an NA nan Amerik di Nò a."

Prabu Raja, Prezidan Gwoup Pwodui Semikondiktè nan Applied Materials, te deklare, "Nou kontan wè envèstisman kontinyèl pou ranfòse ekosistèm R&D pou fabrikasyon pis la nan Eta New York. Nan Akseleratè Teknoloji Enjenyeri Materials (Materials Engineering Technology Accelerator, META Center) nan NanoTech Albany an, Applied ap kolabore ak kliyan pou lanse nouvo materyèl, estrikti ak aparèy semi-kondiktè pou amelyore pèfòmans pis ak efikasite enèji. Elaji anprent ak kapasite kanpis NanoTech la pral bati sou patenarya depi lontan nou an ak Eta New York epi bay yon lòt fason pou akselere moman ki soti depi nan konsèp rive nan komèsyalizasyon teknoloji fabrikasyon pwochèn jenerasyon an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Tokyo Electron (TEL), Tony Kawai, te deklare, "Nou pa ka tann pou n kontinye patenarya nou an ki dire plizyè deseni ak Eta New York atravè ouvèti nouvo sant R&D a nan Konplèks NanoTech Albany an. EUV ki Wo an NA se teknoloji fabrikasyon ki pi avanse nan endistri semi-kondiktè a, epi TEL kontan anpil pou l kontribiye nan devlopman endistri semi-kondiktè mondyal la ak inovasyon nan espas sa a ke nouvo devlopman sa a pral ankouraje."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ASML la, Peter Wennink, te deklare, "Nou fyè dèske zouti ASML la pèmèt kliyan nou yo pwodwi pis mond lan bezwen an. Investisman enpòtan New York sa a nan teknoloji EUV ki Wo an NA epi ki modèn pral alimante inovasyon nan ekosistèm nou an epi akselere kapasite fabrikasyon pis yo pou fabrike pis ki pi avanse demen yo pi vit ak pi rantab."

Etabli yon Sant Semikondiktè Global nan Eta New York

Gouvènè Hochul te kenbe yon angajman solid pou konstwi yon ekonomi modèn nan Eta New York lè li devlope endistri semi-kondiktè a ak atire biznis inovan ki kreye travay 21èm syèk ki byen peye. Nan mwa oktòb 2022, apre li te siyen premye lejislasyon Green CHIPS New York la nan nasyon an pou konstwi yon endistri pis k ap pwospere epi ki dirab, Gouvènè a te anonse yon investisman istorik 100 milya dola Micron pou etabli yon kanpis pou fabrikasyon memwa modèn dènye kri nan New York Santral ki pral kreye 50,000 djòb. Depi lè li te siyen Green CHIPS la, Gouvènè a te anonse tou gwo investisman ki soti nan plizyè lòt fabrikasyon semi-kondiktè ak konpayi ki soti nan chèn apwovizyonman semi-kondiktè a, tankou AMD, Edwards Vacuum, ak TTM Technologies pou elaji prezans yo nan New York.

Nan diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 li a, Gouvènè Hochul te anonse kreyasyon Biwo Gouvènè a pou Devlopman, Jesyon, ak Entegrasyon nan Semikondiktè (Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management, and Integration), ke yo rele GO-SEMI, ki koute 45 milyon dola pou sipèvizè efò eta a pou kontinye devlope endistri a.

Konplèks NanoTech Albany New York la

Konplèks Nanotech Albany an, ki posede epi ki opere pa Sant pou Rechèch, Avansman Ekonomik, Teknoloji, Enjenyeri ak Syans New York (New York Center for Research, Economic Advancement, Technology, Engineering, and Science) la, oswa NY CREATES, ki pa fè pwofi, se etablisman R&D semi-kondiktè 300 mm ki pi avanse nan Amerik di Nò a epi li nan tèt inovasyon semi-kondiktè a pou plis pase de deseni. Sit la kounye a akeyi jenerasyon aktyèl ekipman litografi EUV, ke IBM te itilize dènyèmman pou pwodwi premye teknoloji pis 2 nanomèt nan mond lan – ki se echèl ki pi piti yo te janm devlope. Sant EUV ki Wo an NA a pral pote pwochèn jenerasyon ekipman EUV a nan NanoTech Albany an epi etabli New York kòm episant R&D semi-kondiktè yon fason solid.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Eta New York te investi plizyè milya dola pandan plizyè ane ki sot pase yo pou fè NanoTech Albany sant rechèch ak devlopman semi-kondiktè piblik ki pi avanse nan Amerik di Nò a epi sa a se pwochen etap la nan evolisyon li. Investisman sa a pral literalman katapulte Eta New York nan premye liy R&D semi-kondiktè epi kontinye efò nou yo pou fè Eta New York la vin kapital semi-kondiktè nan nasyon an. N ap asire tou ke dirabilite ak opòtinite devlopman mendèv yo se yon priyorite pou pwochèn jenerasyon Nouyòkè yo byen plase pou jwenn opòtinite nan endistri sa a."

Prezidan NY CREATES la, David Anderson, te deklare, "Vizyon Gouvènè Hochul pou fè Eta New York la vin episan pou R&D ki baze sou semi-kondiktè a ap reyalize san dout gras ak investisman istorik New York ak patnè endistri nou yo fè jodi a. Finansman sa a pral sipòte konstriksyon nouvo bilding NanoFab Reflection lan nan Konplèks NanoTech Albany NY CREATES la pou loje ekipman litografi iltravyolèt ekstrèm pwochèn jenerasyon ki pi avanse nan mond lan. Kòm rezilta investisman istorik sa a, nan kad lidèchip Gouvènè Hochul ak sipò kontinyèl ak san pran souf Lidè Majorite Sena a Schumer, NY CREATES ak patnè nou yo pral asire plas nou nan premye liy devlopman pis mondyal la pou ane k ap vini yo. Agrandisman sa a prepare etap pou kwasans alontèm ak nouvo opòtinite travay isit la ak atravè eta a, sa k ap kontribye anpil nan ekonomi inovasyon nasyon an epi k ap montre poukisa Konplèks NanoTech Albany an pare pou akeyi Sant Teknoloji Nasyonal Semiconductor ki enpòtan anpil la."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Imec la, Luc Van den hove, te deklare, "Imec kontan pou l sipòte Sant EUV ki Wo an NA ki pral etabli nan Konplèks NanoTech Albany an. Inisyativ sa a pral akselere adopsyon endistriyèl teknoloji semi-kondiktè ki pi avanse nan Etazini. Entwodiksyon EUV ki Wo an NA bezwen inovasyon radikal nan pwosesis la. Pou antisipe sa a nan yon fason pwo-aktif, imec te mete kanpe yon laboratwa EUV ki wo an NA ansanm ak ASML, ki bati ozalantou premye eskanè ki wo an NA. Nan travay kole ak ekosistèm modèl mondyal la, n ap prepare inovasyon pwosesis yo epi redui risk ki lye ak teknoloji a, epi nou pa ka tann pou nou travay ak patnè yo nan NY CREATES sou efò estratejik konplemantè sa a pou depase limit evolisyon ak pèfòmans pis yo."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)